



Jwenn oswa Modifye yon Sètifika Desè nan Massachusetts pou Aplikasyon nan Asistans Antèman ki lye ak OVID-19

Administrasyon Federal Jesyon pou Ijans yo (FEMA) ap bay asistans finansyè pou fanmi ki te fè depans antèman ki lye ak COVID-19. Youn nan kondisyon pou aplikasyon an se yon sètifika desè sètifye ki atribiye lanmò a dirèkteman oswa endirèkteman ak COVID-19. FEMA pral ranbouse fanmi yo pou depans ki asosye ak jwenn sètifika desè yo. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou benefis ak kondisyon aplikasyon yo sou sit entènèt FEMA a: <https://www.fema.gov/disasters/coronavirus/economic/funeral-assistance> oswa nan rele 844-684-6333.

Jwenn yon Kopi Sètifye yon Sètifika Desè

Si yon moun mouri nan Massachusetts, kopi sètifye sètifika desè a ka jwenn nan:

- Vil oswa minisipalite kote moun nan te mouri a, oswa
- Vil oswa minisipalite kote moun nan te abite a (si se nan Massachusetts), oswa
- Rejis Leta a pou Dosye Eta Sivil ak Estatistik (RVRS).

Pou jwenn yon kopi soti nan RVRS, tanpri gade enfòmasyon detaye sou kòmman yo sou lyen ki anba a: <https://www.mass.gov/ordering-a-birth-marriage-or-death-certificate>. Pou plis enfòmasyon, kontakte RVRS nan vital.recordsrequest@mass.gov oswa nan (617) 740-2600, oswa vil/minisipalite desè a oswa rezidans. Frè pou kopi sètifye dosye desè yo varye, tou depann de kote yo achte yo a.

Modifye yon Sètifika Desè

Si ou kwè ke sètifika desè yon moun ta dwe, men pa fè referans ak COVID-19, aplikan yo ta dwe kontakte sètifikatè medikal la (doktè, enfimye praktisyen, oswa asistan doktè a) ki te bay enfòmasyon medikal pou dosye desè a oswa founisè swen prensipal moun ki mouri a (PCP). Si li apwopriye, sètifikatè oswa PCP a pral kòmanse modifikasyon an ak swa Grefye Vil oswa Minisipalite a (oswa Rejistre Boston) kote lanmò a te fèt la oswa ak RVRS. Pou ka egzaminatè medikal yo, modifikasyon yo dwe inisye pa Biwo Chèf Egzaminatè Medikal la.

Sètifikatè medikal oswa PCP a ka founi premye dokiman pa lapòs oswa nan imel bay vil/minisipalite desè moun ki mouri a oswa rezidans li, oswa bay RVRS. Lè yo resevwa demann pou modifikasyon an, vil/minisipalite a oswa RVRS pral prepare yon sètifika desè korije epi verifye presizyon sètifika ki te prepare a ak sètifikatè a oswa PCP a.

- Si se pa lapòs, korespondans lan ta dwe parèt nan antèt ofisyèl pratik medikal la oswa etablisman medikal la.
- Si se pa imel, adrès imel moun k ap voye li a la ta dwe se yon adrès imel ofisyèl nan yon pratik oswa etablisman medikal.
- Demann lan dwe enkli enfòmasyon kontak pou sètifikatè a ki enkli non, tit, adrès, nimewo lisans, imel, ak nimewo faks li.

Referans ak COVID-19 la sou sètifika desè a ka parèt tankou youn nan kòz lanmò ak/oswa kòm yon kondisyon kontribyab. Sètifika desè a dwe endike ke lanmò a te koze pa, ka te koze pa, oswa te gen anpil chans se yon konsekans COVID-19. Dokiman ki soti nan men sètifikatè medikal la oswa PCP a ta dwe liste tout kòz lanmò ak tout kondisyon kontribyab egzakteman jan yo ta dwe parèt sou sètifika desè a, ki enkli entèval tan yo. Egzanp:

a. Ensifizans respiratwa	24 èdtan	a. Ensifizans respiratwa	5 èdtan
b. (Akòz) Nemoni	5 jou	b.. (Akòz) Nemoni	3 jou
c. (Akòz) COVID-19	10 jou	c. (Akòz) tansyon wo nan poumon	2 an
Kondisyon kontribyab: tansyon wo		Kondisyon kontribyab: COVID-19 pwobab	

Frè pou koreksyon ak modifikasyon yo varye selon kote yo fèt la. Pou enfòmasyon siplemantè sou modifikasyon yon sètifika desè, tanpri kontakte RVRS nan: vip-amend@mass.gov oswa vil/minisipalite kote desè a te fèt la oswa kote moun ki mouri a te abite.